दिन–बुधवार दिनांक–19.11.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि– 05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एन.डी.ए विधायक दल नेता चुनि लेल गेल अछि। विधानसभाक सेंट्रल हॉल मे गठबंधनक विधायक दलक बैसार मे सर्वसम्मति सँ श्री कुमार के एन.डी.ए विधायक दलक नेता चुनल गेल। बैसार मे घटक दल भाजपा, जदयू, लोजपा रामविलास, हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा आओर राष्ट्रीय लोक मोर्चाक सभ नव निर्वाचित विधायक सभ श्री कुमारक नामक प्रस्तावक कर्तल ध्वनि सँ समर्थन कयलनि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ राजभवन जाकऽ राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खांक सोंझा एनडीए दिस सँ सरकार बनेबाक दावा पेश कयलनि। एकर संगहि, एनडीए घटक दल दिस सँ समर्थनक चिट्ठी आओर नवनिर्वाचित सदस्य सभक सूची सेहो सौंपलनि।

---

एहि सँ पहिने, जनता दल यूनाईटेडक बैसार मे आइ सर्वसम्मति सँ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के पार्टीक विधायक दलक नेता चुनि लेल गेल। पटनाक एक अणे मार्गक मुख्यमंत्री आवास पर भेल बैसार मे पार्टीक नव निर्वाचित विधायक सभ एकमत सँ नीतीश कुमारक नामक समर्थन कयलनि।

---

ओतहि, भाजपाक वरिष्ठ नेता अओर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी भारतीय जनता पार्टी विधायक दलक नेता चुनि लेल गेलाह अछि। विजय कुमार सिन्हा पार्टीक उपनेता पद पर चुनल गेल छथि। पटनाक प्रदेश भाजपा कार्यालय मे भेल बैसार मे पार्टीक सभ नव निर्वाचित विधायक सभ एहि लेल प्रस्तावक समर्थन कयलनि। पार्टीक केन्द्रीय पर्यवेक्षक आओर उत्तर प्रदेशक उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य दुनू सह पर्यवेक्षक केन्द्रीय मंत्री अर्जुनराम मेघवाल आओर पूर्व केन्द्रीय मंत्री साध्वी निरंजन ज्योतीक सोझा मे एकर औपराचिक घोषणा कयलनि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह आइ पटना आबि रहल छथि। श्री शाह मंत्रिमंडल गठन के लऽकऽ पार्टीक वरिष्ठ पदाधिकारी आओर नेता सभक संग विचार–विमर्श करताह। केन्द्रीय गृहमंत्री गठबंधनक आनो–आन दलक वरिष्ठ नेता सभक संग सेहो गपशप करताह।

———————————————————————

पटनाक ऐतिहासिक गांधी मैदान मे काल्हि मुख्यमंत्री आओर मंत्रिमंडलक आनो–आन सदस्य सभक शपथ ग्रहण होयत। समारोहक तैयारी के अंतिम रूप देल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, रक्षामंत्री राजनाथ सिंह, गृहमंत्री अमित शाह, भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष जे.पी. नड्डा, एन.डी.ए शासित प्रदेशक मुख्यमंत्री सहित आनो–आन गणमान्य लोक सभ शपथ ग्रहण समारोह मे रहताह। वी.वी.आई.पी मेहमान सभ के देखैत समरोह स्थल आओर लऽग–पास सुरक्षा–व्यस्था कड़गर कऽ देल गेल अछि। जिला प्रशासन आओर पुलिस प्रशासनक वरीय अधिकारी सभ बेर–बेर गांधी मैदानक दौरा कऽ तैयारिक समीक्षा कऽ रहल छथि। पटनाक वरीय पुलिस अधीक्षक कार्तिकेय शर्मा जनौलनि जे गांधी मैदानक लऽग–पास आओर शहरक किछु मार्ग पर काल्हि आवाजाही मे सेहो बदलि कयल गेल अछि।

———————————————————————

लोक जनशक्ति पार्टी– रामविलासक राष्ट्रीय अध्यक्ष आओर केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान जनौलनि जे विधानसभा चुनाव मे प्रचंड जीतक बाद एन.डी.एक नव सरकारक शपथ ग्रहण समारोह सेहो भव्य होयत। ओ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत जनौलनि जे हुनका खुशी अछि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी समारोह मे भाग लऽ रहल छथि आओर हुनक सोझां नव सरकार अपन सभ वादा पूरा करबाक भरोस देल।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ किसान सम्मान निधिक एकैसम किस्त जारी कयलनि। श्री मोदी तमिलनाडूक कोयम्बटूर मे आयोजित समारोहक बिच देशभरिक किसान सभक खाता मे अठारह हजार करोड़ टाका डीबीटीक माध्यम सँ हस्तांतरित कयलनि। समारोह मे ओ जनौलनि जे देशक कृषि क्षेत्र मे पछिला एगारह बरख मे बेसी पैघ बदलि भेल अछि। श्री मोदी जनौलनि जे किसान सभक मददि लेल सरकार सभ रास्ता खोलि देलक अछि। एहि सँ पहिने प्रधानमंत्री आंध्र प्रदेशक श्री सत्यसाईं जिला मे सत्यसाईं बाबाक जन्म शताब्दि समारोह के संबोधित करैत जनौलनि जे पछिला एगारह बरख मे देशभरिक सय करोड़ नागरिक सभ

के समाजिक सुरक्षा योजना मे जोड़ल गेल अछि। ओ जनौलनि जे बेटी सभक लेल सुकन्या समृद्धि खाता खोलल जा रहल अछि।

———————————————————————

केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह पटनाक भारतीय कृषि अनुसंधान परिषद, आई.सी.ए.आर सभागार मे आयोजित समारोह के संबोधित करैत जनौलनि जे राज्य मे पीएम किसान सम्मान निधि योजना मे किसान सभ के आब नओ हजार टका भेटत। एहि मौका पर आई.सी.ए.आरक अधिकारी सहित पटना आओर लऽग—पासक दू सय सँ बेसी किसान सभ छलाह।

———————————————————————

देशक न्यायाधीश आओर सेवानिवृत्त नौकरशाह सहित दू सय बहत्तरि नागरिक सभ खुजल चिट्ठी लिखि कऽ निर्वाचन आयोग जहेन संवैधानिक संस्था पर आरोप लगेबाक लेल कांग्रेस नेता राहुल गांधीक आलोचना कयलनि अछि।

———————————————————————

प्रदेशक बेसी भाग मे मौसम शुष्क बनल अछि। मौसक विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच राज्य मे कतेको ठाम न्यूनतम तापमान एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस बढ़ल अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।